



APLIKASYON/RE-SÈTIFIKASYON POU PWOGRAM ASISTANS NITRISYON SIPLEMANTÈ (SUPPLEMENTAL NUTRITION ASSISTANCE PROGRAM, SNAP)



Ou kapab itilize aplikasyon sa SÈLMAN pou aplike oswa resètifye pou SNAP

Si ou se yon moun ki avèg oubyen ki gen pwoblèm vizyèl grav epi ou bezwen aplikasyon sa nan yon fòm altènatif, ou kapab mande yonn nan distrik sèvis sosyal ou an. Pou jwenn enfòmasyon adisyonèl konsènan tip fòm ki disponib yo, ak kijan pou ou mande yon aplikasyon nan yon fòm altènatif, tanpri konsilte liv enstwiksyon (LDSS-4826A) an, oswa vizite www.otda.ny.gov.

Si ou se yon moun ki avèg oubyen ki gen pwoblèm vizyèl grav, èske ou ta renmen resevwa notifikasyon pa mwayen ekri nan yon fòm altènatif? _____ Wi _____ Non

Si se Wi, fè kwa nan ti fòm altènatif ou ta renmen: _____ Fèy Laj ki Enprime _____ Done CD _____ Odyo CD
_____ Fòm Bray pou Moun Avèg, si ou panse ke okenn nan lòt fòm altènatif yo pa pral efektif egalman pou ou.

Si ou bezwen yon lòt akomodasyon, tanpri kontakte distrik sèvis sosyal ou an.

Si w ap aplike sèlman oswa resètifye pou SNAP ou ka itilize aplikasyon sa a. Si ou ta renmen aplike pou lòt avantaj tankou Asistans pou yon ti Tan, Asistans pou Gadri, Asistans pou Enèji nan Kay oswa Medicaid, tanpri mande yon aplikasyon ki diferan.

Lè W ap Aplike pou SNAP

- Ou kapab ranpli yon aplikasyon menm jou ou resevwa li. Nou dwe aksepte aplikasyon w lan si pou piti, li gen non ou, adrès ou (si ou gen youn), ak yon siyati. Enfòmasyon sa yo pral detèmine dat anrejistremant aplikasyon w lan.
- Ou dwe ranpli pwosesis aplikasyon an, enkli pou gen yon entèvyou epi siyen deklarasyon sètifikasyon an nan paj 7 aplikasyon/resètifikasyon an pou yo ka detèmine kalifikasyon w. Si ou kalifye, nou pral bay ou avantaj yo apati dat ou te depoze aplikasyon w lan.
- Ou kapab aplike pou jwenn SNAP pou moun nan fanmi ou yo ki kalifye, menm si ou menm oswa kèk lòt moun nan fanmi ou pa kalifye pou avantaj yo akòz sitiyasyon imigrasyon yo. Pa egzanp, paran etranje ki pa kalifye yo ka aplike pou SNAP pou pitit yo epi resevwa avantaj yo pou pitit yo ki kalifye.
- Ou kapab toujou aplike epi kalifye pou SNAP menm si ou te rive nan limit tan Asistans Pwovizwa ou.

Lè W ap Resètifye pou SNAP

- Ou dwe soumèt aplikasyon pou resètifikasyon ki siyen anvan entèvyou a.
- Si w rate entèvyou w la, se responsablite w pou w kontakte distri sèvis sosyal la pou w pran yon lòt randevou.

Èske Ou Bezwen Avantaj SNAP Touswit? Ou Ka Kalifye pou Nou Travay rapid sou Aplikasyon SNAP ou:

Si fwaye ou a gen yon ti revni oswa lajan kach oswa si li pa genyen ditou, **oswa** si depans pou lwaye oswa pou sèvis piblik ou pi plis pase revni ou ak lajan kach ou yo, **oswa** si ou se yon imigran oswa yon travayè agrikòl sezonnye ki gen yon ti revni oswa ki pa gen revni ditou oswa resous lè ou aplike a, ou ka kalifye pou resevwa SNAP nan 7 jou ki vini apre dat ou te aplike a. Lè yon rezidan nan yon enstitisyon ap aplike ansanm pou SSI ak SNAP anvan li kite enstitisyon an, dat depo ki anrejistre pou aplikasyon an se dat moun ki aplike a kite enstitisyon an.

Kote Ou Kapab Aplike Pou SNAP

Si w ap viv **deyò** Vil New York, ou kapab aplike sou entènèt sou sit myBenefits.ny.gov, oswa ou kapab rele oswa ale nan distrik sèvis sosyal ki nan konte kote w ap viv la pou mande yon pake aplikasyon, ke nou ka voye pa lapòs oswa depoze nan biwo ki apwopriye a. Ou kapab jwenn adrès ak nimewo telefòn distri sèvis sosyal nan konte w la depi ou rele gratis nan nimewo **1-800-342-3009**.

Si w ap viv nan **Vil New York** epi ou **pa** aplike pou Asistans Pwovizwa, ou kapab aplike sou entènèt nan <https://www.nyc.gov/hra>, oswa rele oswa ale nan Biwo SNAP pou mande yon pake aplikasyon. Ou kapab jwenn adrès ak nimewo telefòn lan depi ou rele **1-718-557-1399** oswa depi ou rele gratis nan nimewo **1-800-342-3009**.

Anjeneral, entèvyou SNAP yo fèt nan telefòn. Si w prefere yon entèvyou nan biwo a, ou dwe mande youn nan distri sèvis sosyal ou a.

NOTIFIKASYON KONT DISKRIMINASYON – An akò ak lwa sou dwa sivil Federal ak politik ak règleman dwa sivil Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture, USDA) yo, USDA, yo entèdi enstitisyon sa a pou fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite seksyèl ak oryantasyon seksyèl), kwayans relijye, andikap, laj, kwayans politik, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil preyalab.

Enfòmasyon sou pwogram lan ka disponib nan lòt lang ki pa angle. Moun yo ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen komunikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram lan [egzanp, Bray, gwo enpresyon, kasèt odyo, Lang Siy Ameriken (American Sign Language)], ta dwe kontakte Ajans (Eta oswa lokal) kote yo te aplike pou avantaj yo. Moun ki soud, ki mal pou tande oswa ki gen andikap pou pale yo ka kontakte USDA apati Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent diskriminasyon pou pwogram nan, yon Pleyan dwe ranpli yon fòm AD-3027, Fòm Plent Diskriminasyon Pwogram USDA ke w ka jwenn sou entènèt nan: <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/ad-3027.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele (833) 620-1071 oswa lè w voye yon lèt bay USDA. Lèt la dwe gen ladan non, adrès, nimewo telefòn pleyan an ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a avèk ase detay pou enfòmè Sekretè Asistan pou Dwa Sivil (Assistant Secretary for Civil Rights, ASCR) la sou nati ak dat swadizan vyolasyon dwa sivil la. Yo dwe soumèt fòmilè oswa lèt AD-3027 ki ranpli a bay:

- (1) lapòs: Food and Nutrition Service (Sèvis Manje ak Nitrisyon), USDA
1320 Braddock Place, Room 334
Alexandria, VA 22314; oswa
- (2) faks: (833) 256-1665 oswa (202) 690-7442; oswa
- (3) lapòs: FNSCIVILRIGHTSCOMPLAINTS@usda.gov.

Enstitisyon sa se yon founisè opòtinite egal.

BIWO ETA NEW YORK POU ASITANS TANPORÈ AK ANDIKAPE
APLIKASYON / RE-SÈTIFIKASYON POU SNAP

Dat Aplikasyon an	Dat Entèvyou a	Sant/Biwo	Inite	Travayè sosyal	Kalite Dosye	Nimewo Dosye a	Nimewo Rejis	Vèsyon	☐ Aplike ☐ Retounen Sètifye	Lang
-------------------	----------------	-----------	-------	----------------	--------------	----------------	--------------	--------	---	------

Non Legal: _____ Nimewo Telefòn: _____ Lòt telefòn kote nou kapab kontakte ou: _____

Adrès kay: _____ Apt.# _____ Vil _____, NY Kòd Postal 1

Adrès Postal (si li diferan) _____ Apt.# _____ Vil _____, NY Kòd Postal 1

Koni sou Nenpòt Lòt Non: _____ Èske Ou: ☐ Ap aplike **oswa** ☐ Resètifikasyon Èske w vle resevwa avi nan: ☐ Panyòl **ak** Anglè **oswa** ☐ Anglè **Sèlman**

Nou dwe aksepte aplikasyon w lan si pou piti, li gen non ou, adrès ou (si ou gen youn), ak yon siyati nan kare sa.

SIYATI APLIKAN/REPREZANTAN

DAT SIYATI A

Bay lis tout moun k ap viv avèk ou menmsi yo pa aplike. Endike tèt ou anvan.

L N	Prenon	Inisyal dezyèm prenon	Non Fanmi	Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) manm k ap aplike a (Si ou di non, ekri "OKENN")	Dat Nesans	Sitiyasyon Matrimonyal	Sèks M, F Oswa X	Èske Moun sa a Aplike?		Relasyon l avèk ou	Èske w achte ak/oswa prepare manje ak moun sa a?		Ispanik oswa Latino?		Antre Y (Wi) oswa N (Non) pou chak ras* (Kòd Defini Anba)				
								Wi	Non		Wi	Non	Wi	Non	I	A	B	P	W
1								✓		ou menm	✓								
2																			
3																			
4																			
5																			
6																			
7																			
8																			

*Kòd Ras /Etnisite: **I** – Ameriken Natifnatal oswa Moun ki Fèt nan Alaska, **A** – Azyatik, **B** – Moun Nwa oswa Ameriken Nwa, **P** – Moun ki Fèt nan Hawaï oswa nan Zile Pasifik, **W** – Moun Blan

Pwovizyon enfòmasyon sa volontè. Sa pap afekte kalifikasyon moun yo kap fè demann nan oswa nivo avantaj y ap resevwa. Rezon enfòmasyon sa yo se pou asire avantaj pwogram lan distribiye san gade sou ras, koulè oswa peyi orijin.

Èske ou se yon sitwayen ameriken oswa èske tout moun k ap viv avèk ou se yon sitwayen ameriken? ☐ Wi ☐ Non Si ou di Non, kimoun ki pa yon sitwayen ameriken? _____

Èske oumenm oswa nenpòt moun ki lakay ou aplike pou oswa ap resevwa SNAP oswa Asistans Pwovizwa nan yon lòt kote? ☐ Wi ☐ Non

Èske oumenm oswa nenpòt moun k ap viv avèk ou se yon veteran? ☐ Wi ☐ Non Si ou di Wi, kimoun _____

Èske oumenm oswa nenpòt moun k ap viv avèk ou nan yon sant tretman pou dwòg oswa alkòl, sant Eta a sètifye pou viv an gwoup, oswa apatman Eta a sètifye ki sipèvize/bay sipò? ☐ Wi ☐ Non

Si ou ap retounen sètifye pou SNAP, mansyone nan Paj 9 la tout sa ki te chanje depi dènye aplikasyon oswa re-sètifikasyon ou an (tankou si ou te chanje adrès, si ou te gen yon ti bebe, yon moun te vin abite avèk ou oswa yon moun te kite fwaye ou a).

Ou ka itilize paj 9 la si ou bezwen plis espas oswa si gen lòt enfòmasyon ou panse nou ka bezwen.

Ale nan paj 3

REVNI

Bay lis **TOUT** revni ak revni nenpòt moun k ap viv lakay ou. Sa gen ladan, men pa sèlman **salè, revni nan travay endepandan mwens depans pou pwodwi travay endepandan (pa egzanp: gadri, netwayaj, revni ou touche nan men lokatè oswa pansyonè), sipò timoun, pansyon, avantaj veteran, andikap, sekirite sosyal oswa SSI, sibvansyon oswa bous pou lwaye oswa manje, Asistans Pwovizwa, ak revni ou touche nan men zanmi oswa manm fanmi.**

Non Moun k ap Resevwa Revni an	Sous revni	Kantite Èdtan ou Travay Chak Mwa	Konbyen Fwa li Resevwa Lajan an? (pa egzanp, chak semèn, chak semèn, chak mwa)	Montan Brit ou Resevwa Anvan Dediksyon

Èske oumenm oswa nenpòt moun k ap viv avèk ou gen depans pou swen timoun/swen depandan ki asosye avèk travay oswa fòmasyon? ☐ Wi ☐ Non Si ou di Wi, kimoun _____.

Kantite Lajan ou Peye \$ _____. Konbyen fwa ou peye lajan an (pa egzanp, chak semèn, chak mwa) _____.

Èske oumenm oswa nenpòt moun k ap viv avèk ou te chanje oswa kite djòb ou oswa te redui nenpòt fòm revni nan dènye 30 jou yo – tankou te redui nan kantite èdtan travay oswa revni? 5

☐ Wi ☐ Non

Èske oumenm oswa nenpòt moun k ap viv avèk ou gen nenpòt posib revni ou poko resevwa? ☐ Wi ☐ Non Si ou di Wi, eksplike nan Paj 9

Èske oumenm oswa nenpòt moun k ap viv avèk ou patisipe nan yon grèv? ☐ Wi ☐ Non Si ou di Wi, kimoun _____.

Èske oumenm oswa nenpòt moun ki t ap viv avèk ou nan swen adoptif nan 18èm anivèsè nesans ou? ☐ Wi ☐ Non

Èske oumenm oswa nenpòt moun k ap viv avèk ou se yon pansyone-lokatè, timoun fostè oswa adilt fostè? ☐ Wi ☐ Non

Si Wi, tcheke B pou pansyonè-lokatè oswa F pou fostè epi ekri non yo. ☐ B ☐ F Non: _____

RESOUS

Resous yo pa afekte kalifikasyon pifò moun nan kay la ki aplike pou SNAP. Men, nou itilize kèk enfòmasyon sou resous la pou detèmine si ou kalifye pou nou travay rapid sou aplikasyon ou.

Konbyen lajan tout moun ki lakay ou genyen? (Pa egzanp, sou oumenm; lakay ou, nan kont kouran ak kont epay ou, oswa lòt kote, tankou kont ou genyen ansanm avèk lòt moun) \$ _____. Se pou _____.

Lòt resous finansye? (Pa egzanp, aksyon, obligasyon, kont retrèt, bon kès, fon komen plasman, IRA, fon kredi, sètifika mache monetè) ☐ Wi ☐ Non

Si se Wi, kantite lajan \$ _____ Tip _____ Pwopriyetè _____.

Konbyen vwati, kamyon oswa lòt veyikil oumenm oswa nenpòt moun ki lakay ou genyen?

#1 Ane _____ Mak _____ Modèl _____ Pwopriyetè _____

#2 Ane _____ Mak _____ Modèl _____ Pwopriyetè _____

Èske oumenm oswa nenpòt moun ki aplike posede nenpòt pwopriyete tankou kay ou? ☐ Wi ☐ Non Si se wi, mansyone pwopriyete _____ Pwopriyetè _____

Èske nenpòt moun ki aplike te vann, te fè kado oswa te transfere lajan kach oswa pwopriyete nan twa dènye mwa yo pou kalifye pou SNAP? ☐ Wi ☐ Non

EDIKASYON/FÒMASYON AK LANG

Antre non chak moun k ap aplike nan kay la ki gen laj 16 zan oswa plis, enkli ou menm. Pou chak moun, mete yon "X" nan kare ki nan seksyon "Pi wo Nivo Edikasyon", lè ou sèvi avèk kòd edikasyon ak fòmasyon ke yo montre anba a. Tcheke yon sèl kare pou chak moun. Si ou antre yon "X" nan kolòn "0" pou yon moun, (ki endike ke li pa gen yon diplòm lekòl segondè oswa yon diplòm ekivalans ak lekòl segondè), antre pi wo nivo lekòl yo te konplete nan kare "Pi gwo Nivo Lekòl Konplete" a (egzanp – si yon moun nan klas 10èm ane, mete "9" nan kare "Pi gwo Nivo Lekòl Konplete" a). Kite kare "Pi gwo Nivo Lekòl Konplete" a vid si ou pa tcheke kolòn "0" a pou yon moun ki nan lekòl segondè oswa k ap genyen yon diplòm ekivalans nan lekòl segondè.

Anplis de sa, tanpri idantifye lang prensipal yo pale pou chak moun nan fwaye SNAP la ki gen 16 zan oswa plis. Lang prensipal moun lan se lang ke moun lan pale pi souvan.

Non (Prenon ak Siyati)	Pi Wo Nivo Edikasyon* (Kòd Defini Anba)							Pi Wo Nivo Klas Li Fini (gade enfòmasyon ki anba a)	Ki lang prensipal moun nan pale?
	0	1	2	3	4	5	8		

* Kòd Edikasyon ak Fòmasyon yo: **0** – Mwens ke yon diplòm lekòl segondè oswa ekivalans; **1** – Diplòm lekòl segondè oswa ekivalans diplòm lekòl segondè; **2** – Diplòm Asosye (diplòm inivèsite an 2 ane); **3** – Diplòm Lisans (diplòm inivèsite an 4 ane); **4** – Diplòm Metriz (Metriz oswa pi wo); **5** – Achèyman Plan Edikasyon Pèsonalize (Individualized Education Plan, IEP); **8** – Enkoni

REMAK: Pwovizyon enfòmasyon konsènan pi wo nivo edikasyon, pi wo nivo lekòl ak lang prensipal yo pale pa obligatwa. Sa pap afekte kalifikasyon moun yo kap fè demann nan oswa nivo avantaj y ap resevwa. Rezon pou enfòmasyon sa se pou reponn a egzijans rapò federal yo.

ARANJMAN POU VIV AK DEPANS

Tcheke tout deskripsyon ki konsène kay ou:

☐ Posede kay oswa ap peye pou kay ☐ Lwaye ☐ Imigran/travayè agrikòl sezonnye ☐ Pa gen rezidans pèmanan ☐ Ap viv avèk paran oswa zanmi

Bay lis depans yo:

Peman lwaye oswa prè ipotèkè chak mwa \$ _____ Taks sou kay chak ane \$ _____ Asirans sou kay chak ane \$ _____

Peye apa pou Chofaj? ☐ Wi ☐ Non Si se wi, espesifye tip chofaj: ☐ Gaz ☐ Elektrik ☐ Lwil ☐ Bwa ☐ Chabon ☐ Gaz Pwopàn ☐ Lòt (bay lis) _____

Non Konpayi Chofaj _____ Kont Konpayi Chofaj No. _____

Peye pou è-kondisyon, swa nan bòdwo kouran elektrik ou oswa kòm yon frè apa? ☐ Wi ☐ Non

Peye apa pou sèvis piblik (ki pa chofaj/refwadisman)? ☐ Wi ☐ Non (pa egzanp, limyè, gaz pou kwit manje, fatra/dechè, dlo, premye enstalasyon sèvis piblik yo).

Èske nenpòt lòt moun fè nenpòt nan depans sa yo pou ou (kèk egzanp se Seksyon 8 oswa yon lòt pwogram sibvansyon)?

☐ Wi ☐ Non Si ou di wi, kimoun ki peye kisa? _____

Èske ou menm oswa nenpòt moun ki ap viv avèk ou ap peye pansyon alimantè timoun ki obligatwa legalman? ☐ Wi ☐ Non Si ou di wi, kimoun _____

Non (yo) sipò timoun (yo) yo peye pou _____

Kantite lajan peman \$ _____ Kantite fwa peman an fèt (pa egzanp, chak semèn, chak de semèn, chak mwa) _____

Èske ou menm, ak/oswa nenpòt moun ki ap viv avèk ou, andikape oswa gen omwen laj 60 an? ☐ Wi ☐ Non Si ou di wi, kimoun _____

Si ou di wi, èske moun sa a gen bòdwo medikal? ☐ Wi ☐ Non Si ou di wi, bay lis sa yo peye nan paj 9 la, konbyen lajan yo peye epi kimoun ki responsab pou fè peman an.

ARANJMAN POU VIV AK DEPANS (kontinye)

Èske oumenm, ak/oswa nenpòt moun k ap viv avèk ou sou Medicaid avèk yon kantite lajan limit? ☐ Wi ☐ Non *Si se Wi, kilès* _____ Kantite Lajan \$ _____

Èske oumenm ak/oswa nenpòt moun k ap viv avèk ou (ki gen laj 16 oswa 17 ane) nan lekòl oswa fòmasyon?

☐ Wi ☐ Non *Si se Wi, kilès* _____ Non Lekòl/Pwogram Fòmasyon _____

Èske oumenm ak/oswa nenpòt moun k ap viv avèk ou ki gen ant laj 18 ak 49 ane nan lekòl oswa fòmasyon (piwo pase Lekòl Segondè)? ☐ Wi ☐ Non *Si ou di Wi, kimoun?* _____

Non Lekòl/Pwogram Fòmasyon _____ A Tan Plen (Full Time, FT) ☐ Wi ☐ Non Revni ☐ Wi ☐ Non Depans ☐ Wi ☐ Non

Èske gen granmoun nan fwaye a ki gen laj 16 an ak sa ki pi aje (enkli tou aplikan an) ki:

Ansent? ☐ Wi ☐ Non *Si ou di Wi, kimoun* _____

Genyen nenpòt kondisyon medikal ki limite abilitè yo pou travay oswa modèl travay ke yo ka reyalize yo? ☐ Wi ☐ Non *Si ou di Wi, kimoun* _____

8

Reponn kesyon sa yo:

Nenpòt moun ki vyole yon kondisyon pwobasyon oswa libète pwovizwa oswa nenpòt moun ki sove pou evite pouswit, gad oswa anprizonman pou yon krim e lapolis ap pouswiv li? ☐ Wi ☐ Non

Si ou di Wi, kimoun _____

Èske oumenm oswa nenpòt moun k ap viv lakay ou vyole pwobasyon oswa libète sou kondisyon dapre yon tribinal? ☐ Yes ☐ Non *Si ou di Wi, kimoun* _____

Èske oumenm oswa nenpòt moun k ap viv avèk ou te janm diskalifye pou resevwa SNAP akòz fwod oswa vyolasyon pwogram nan avèk entansyon ou? ☐ Wi ☐ Non

Si ou di Wi, kimoun _____

Èske oumenm oswa nenpòt moun kap viv ak ou ki kondane pou poutèt li tap vann avantaj SNAP pou zamafè, amnisyon oswa eksplozif apre dat 22 septanm 1996? ☐ Wi ☐ Non

Si se wi, kimoun _____

Èske ou menm oswa nenpòt moun ki ap viv ak ou te kondane poutèt li t'ap vann oswa achte avantaj SNAP yo pou yon montan total \$500 oswa pi plis, apre dat 22 Septanm 1996? ☐ Wi ☐ Non

Si se wi, kimoun _____

Èske oumenm oswa nenpòt moun kap viv ak ou ki kondane poutèt li tap resevwa avantaj SNAP de fwa nan fwod nan nenpòt eta apre dat 22 septanm 1996? ☐ Wi ☐ Non

Si se wi, kimoun _____

Ou ka itilize paj 9 la si ou bezwen plis espas oswa si gen lòt enfòmasyon ou panse nou ka bezwen.

LI ENFÒMASYON KI ENPÒTAN YO ANBA LA A

AVÈTISMAN AMANN SNAP – Tout enfòmasyon ou bay ki konekte ak aplikasyon w pou SNAP pral anba verifikasyon otorite onivo Federal, Eta ak Lokal. Si gen nenpòt nan enfòmasyon yo ki pa kòrèk, ou kapab jwenn refi pou resevwa SNAP. Yo kapab pouswiv ou lajistis si ou ak tout volonte w te bay enfòmasyon ki pa kòrèk ki afekte elijibilite oubyen kantite avantaj yo. Nenpòt moun ki vyole yon kondisyon pwobasyon oswa libète kondisyonèl, oswa nenpòt moun ki ap sove pou evite pouswit lajistis, arestasyon oswa anprizònman pou yon krim, epi ke lapolis ap pouswiv aktivman, li pa kalifye pou resevwa avantaj SNAP yo.

Si yo dekouvri ke gen yon manm fanmi SNAP la ki te komèt yon Vyolasyon Entansyonèl nan Pwogram (Intentional Program Violation, IPV) lan, manm lan p'ap ka resevwa avantaj SNAP yo pou yon peryòd:

- 12 mwa pou premye SNAP-IPV a;
- 24 mwa pou dezyèm IPV SNAP la;
- 24 mwa pou premye SNAP-IPV a, ki baze sou yon tribinal ki dekouvri ke moun nan te itilize oswa resevwa avantaj SNAP yo nan yon tranzaksyon ki enplike lavan yon sibstans ki kontwole. (Medikaman ilegal oswa kèk medikaman pou ki yo dwe gen yon preskripsyon doktè.)
- 120 mwa si yo jwenn ou koupab pou fo deklarasyon sou ki moun ou ye ak ki kote w'ap viv pou ka jwenn plizyè avantaj SNAP an menm tan, amwens ke ou te diskalifye pou toutan pou yon twazyèm IPV.

An plis, yon tribinal ka entèdi yon moun pou patisipe nan SNAP pou 18 mwa an plis.

9

LI ENFÒMASYON KI ENPÒTAN YO ANBA LA A (kontinye)

Diskalifikasyon pèmanan yon moun pou:

- Premye SNAP-IPV a te baze sou yon tribinal ki dekouvri ke moun nan te itilize oswa resevwa avantaj SNAP yo nan yon tranzaksyon ki gen enplike lavant zam, minisyon oswa bonb yo.
- Premye SNAP-IPV a te baze sou yon kondanasyon tribinal pou trafik avantaj SNAP yo pou yon kantite konbine 500 dola oswa pi plis (Trafik la gen ladan itilizasyon, transfè, akizisyon, alterasyon oswa posesyon ilegal kat otorizasyon oswa aparèy aksè SNAP yo.)
- Dezyèm SNAP-IPV a te baze sou yon tribinal ki dekouvri ke yon moun te itilize oswa te resevwa avantaj SNAP yo nan yon tranzaksyon ki enplike lavant sibstans ki kontwole yo. (Medikaman ilegal oswa kèk medikaman pou ki yo dwe gen yon preskripsyon doktè.)
- Tout twazyèm Vyolasyon Entansyonèl nan Pwogram SNAP-IPV.

Nenpòt moun ki kondane akòz yon krim poutèt li te itilize ak tout konsesans li, transfere, fè akizisyon, altere oswa posede kat otorizasyon SNAP oswa aparèy aksè yo, kapab gen pou peye yon amann 250,000 dola, pran jiska 20 an prizon, oswa toulède. Moun nan ka tou sibi pouswit dapre lwa aplikab Federal ak Eta yo.

Yo ka jwenn ou pa kalifye pou SNAP oswa yo jwenn ou koupab pou yon IPV si:

- Ou fè yon fo deklarasyon oswa k'ap endwi moun nan erè, oswa ki mal reprezante, sere oswa kache bagay pou ka kalifye pou resevwa avantaj yo oswa plis avantaj; oswa
- Achte yon pwodwi avèk avantaj SNAP yo nan entansyon pou jwenn lajan kach lè ou entansyonèlman jete pwodwi a epi retounen voye bwat la pou kantite lajan depo a; oswa
- Komèt oswa eseye komèt nenpòt zak ki reprezante yon vyolasyon lwa Federal oswa Eta a nan objektif pou fè itilizasyon, prezantasyon, transfè, akizisyon, resepsyon, posesyon oswa trafik avantaj SNAP yo, kat otorizasyon oswa dokiman ke yo ka retounen itilize yo, ki te itilize kòm yon pati nan sistèm Transfè Avantaj Elektwonik (Electronic Benefit Transfer, EBT) lan.

An plis, yo pa otorize sa nou pral site la yo epi ou kapab vin pa kalifye ankò pou resevwa avantaj SNAP yo epi/oswa vin sijè a jwenn sanksyon poutèt aksyon ki enkli:

- Ou te itilize oswa posede kat EBT yo ki pa pou ou, san konsantman mèt kat la; oswa
- Ou te itilize avantaj SNAP yo pou achte atik ki pa manje, tankou alkòl oswa sigarèt, oswa pou peye pou manje ou te achte kredi anvan sa; oswa
- Ou te otorize yon lòt moun itilize kat transfè avantaj elektwonik ou (EBT) an echanj pou lajan kach, zam, minisyon, bonb oswa dwòg, oswa pou achte manje pou moun ki pa manm nan kay SNAP la.

Si ou resevwa plis avantaj SNAP ke ou ta dwe genyen (pèman an plis), ou dwe ranbouse lajan yo. Si dosye ou aktif, n'ap retire kantite lajan peman an plis la nan avantaj SNAP w'ap resevwa nan fiti yo. Si dosye ou a fèmen, ou ka remèt peman an plis la apati nenpòt avantaj SNAP ki pa itilize epi ki rete nan kont ou an, oswa ou ka peye avèk lajan kach.

Si ou gen yon peman an plis ke ou pa remèt, nou pral refere li pou ankèsman, ki enkli ankèsman otomatize ki fèt pa gouvènman federal la. Yo ka pran avantaj Federal yo (tankou Sekirite Sosyal) ak ranbousman enpo ke ou gen dwa pou resevwa, pou kapab peye remèt pèman an plis la. Ou ka gen pou peye tou lajan frè pwosedi yo pou det sa.

Nenpòt avantaj SNAP ki anile sou kont EBT ou an pral itilize pou redwi peman an plis ki ankou a. Si ou aplike pou SNAP ankò, epi ou pa't ranbouse kantite lajan ou dwe a, avantaj SNAP ou yo ap diminye si ou rekòmanse resevwa yo ankò. W'ap resevwa notifikasyon, nan moman sa, sou kantite avantaj ki redwi ke ou pral resevwa.

KONSANTMAN – Mwen rekonèt depi mwen fin siyen fòmilè aplikasyon sa a, mwen dakò ak nenpòt ankèt ki te fèt pa Biwo Asistans Tanporè ak Andikape nan Eta New York lan oswa distrik sèvis sosyal lokal la pou kapab verifye oswa konfime enfòmasyon mwen te bay yo, oswa nenpòt lòt ankèt ke yo te fè ki an koneksyon ak demann mwen an pou avantaj SNAP yo. Si yo mande m lòt enfòmasyon adisyonèl, mwen pral bay yo. M ap kolabore tou avèk anplwaye Eta ak anplwaye Federal nan yon Evalyasyon Kontwòl Kalite SNAP.

Mwen konprann ke lè mwen siyen aplikasyon/sètifikasyon sa, mwen bay konsantman mwen pou yo fè yon ankèt pou verifye oubyen konfime enfòmasyon ke mwen te bay yo, ansanm ak lòt ankèt ke nenpòt ajans gouvènmantral ki otorize yo te fè ki an koneksyon avèk vantaj Pwogram Asistans Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP) yo. Mwen bay konsantman mwen tou pou pèmèt yo itilize enfòmasyon ke mwen te bay nan aplikasyon sa a pou rekòmandasyon nan Pwogram Asistans Entanperizasyon ki disponib yo, ak nan pwogram konpayi sèvis piblik mwen an ofri pou ede moun ki gen revni fèb yo. Mwen konprann ke Eta a pral itilize Nimewo Sekirite Sosyal mwen an pou verifye resi bòdwo HEAP mwen an ak founisè enèji lakay mwen an. Otorizasyon sa gen ladan tou pèmision pou nenpòt founisè enèji kay mwen yo (sa enki tou sèvis piblik) divilge kèk enfòmasyon estatistik, ki gen ladan yo men pa sèlman, itilizasyon kouran anyèl, montan depans kouran, konsomasyon kabiran, tip kabiran, depans kabiran mwen fè chak ane, ak istorik pèman mwen bay Biwo Asistans Tanporè ak Andikape, Distrik Sèvis Sosyal Lokal la ak Depatman Sante ak Sèvis Imèn Etazini, nan objektif pou mezire pèfòmans Pwogram Asistans Enèji pou Kay Pou Ti Revni (Low Income Home Energy Assistance Program, LIHEAP).

KONSANTMAN POU DIVILGE ENFÒMASYON SEKRÈ SOU ASIRANS CHOMAJ (UI) – Mwen bay Depatman Travay Eta New York (Department of Labor, DOL) otorizasyon pou divilge nenpòt enfòmasyon sekre ki nan DOL pou Asirans Chomaj (Unemployment Insurance, UI), ba Biwo pou Èd Pwovizwa ak Enfimite Eta New York (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA). Enfòmasyon sa yo gen ladan yo reklamasyon avantaj UI yo ak rejis salè yo. Mwen rekonèt OTDA, ansanm avèk anplwaye ajans Eta a ak ajans lokal yo k ap travay nan biwo distri sèvis sosyal lokal yo ap itilize enfòmasyon UI pou yo detèmine oswa pou yo verifye si mwen kalifye pou kantite lajan SNAP mwen te aplike pou jwenn nan aplikasyon sa a epi pou yo fè ankèt pou detèmine si mwen te resevwa avantaj mwen pa t gen dwa pou jwenn.

LI ENFÒMASYON KI ENPÒTAN YO ANBA LA A (*kontinye*)

KONSANTMAN REZIDAN OTORITE LOJMAN VIL NEW YORK POU PATAJE ENFÒMASYON – Si w ap aplike pou asistans nan Vil New York, konsantman sa a pral pèmèt Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) pataje enfòmasyon sou ou ak Administrasyon Resous Imèn Vil New York/Depatman Sèvis Sosyal (Human Resources Administration/Department of Social Services, HRA) pou ede ou menm ak fanmi w aplike pou Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP), ak/oswa pou asistans lajan kach HRA, ki ka gen ladan peman aryere lwaye yo.

Si w siyen aplikasyon sa a pi ba a, NYCHA ka pataje ak HRA enfòmasyon ki gen rapò ak kalifikasyon w pou, oswa nivo, avantaj SNAP ak/oswa asistans lajan kach ki gen ladan non, adrès, dat nesans, ak enfòmasyon ou sou pri lwaye ak sèvis piblik (tankou montan lwaye mansyèl, istorik peman lwaye, balans lwaye, ak frè aparèy elektwomènaje). Anplis de sa, lè w siyen aplikasyon sa a anba a, ou reprezante ou gen otorite pou bay konsantman an non timoun minè ki nan aplikasyon sa a epi ou otorize NYCHA pou l pataje non, adrès ak dat nesans timoun sa a avèk HRA.

HRA pral kenbe kòm konfidansyèl nenpòt enfòmasyon ke NYCHA pataje epi li ka pataje enfòmasyon yo sèlman avèk ajans lokal, eta ak federal ki sipèvize pwogram avantaj SNAP ak asistans lajan kach HRA yo.

DIVILGASYON DOSYE EDIKASYON – Mwen bay distri sèvis sosyal Vil New York la pèmision pou yo jwenn nenpòt enfòmasyon konsènan dosye edikasyon mwen menm ak/oswa pitit minè mwen an (yo) pou rezon sa yo: 1) verifye kalifikasyon mwen pou SNAP, 2) fè revizyon oswa envestigasyon ki soti nan enfòmasyon konfli yo bay nan kad pwosesis kalifikasyon an; epi 3) bay ajans gouvènman federal ki apwopriye a aksè a enfòmasyon sa yo sèlman pou rezon odit.

DIVILGE ENFÒMASYON BAY KONPAYI K'AP BAY SÈVIS YO – Mwen bay distrik sèvis sosyal la ansanm ak Eta New York pèmision pou yo divilge enfòmasyon ki gen rapò ak avantaj Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman yo ke mwen te jwenn, oswa ke nenpòt moun nan fanmi mwen, pou ki mwen kapab bay konsantman legalman, te jwenn, nan objektif pou verifye si mwen kalifye pou sèvis ak peman ki gen rapò ak administrasyon pwogram lan ke founisè lokal oubyen founisè Eta yo te bay. Sèvis sa yo ka gen ladan yo, men yo pa limite sèlman a, sèvis aksè travay oubyen fòmasyon ke yo te bay pou kapab ede mwen oswa manm fanmi mwen jwenn epi kenbe pòs travay nou.

ENFÒMASYON SOU SUA (ALOKASYON ESTANDA POU SÈVIS PIBLIK) – Mwen rekonèt moun k ap resevwa SNAP kalifye otomatikman dapre revni pou Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay (HEAP). Si mwen pa resevwa yon avantaj HEAP ki pi gwo ke 20 dola nan mwa sa oswa nan 12 mwa anvan yo, oswa lòt avantaj similè nan pwogram asistans enèji an, mwen dwe peye apa pou sistèm chofaj, èkondisyone oswa depans pou sèvis piblik yo pou mwen kapab resevwa Alokasyon Sèvis Piblik Estanda yo.

CHANJMAN – Mwen dakò pou enfòmasyon ajans lan **rapidman** sou nenpòt chanjman ki fèt nan nesite mwen yo, revni mwen, kay mwen, aranjman mwen fè pou viv, granmoun ki djanm ki pa gen depandan (able-bodied adult without dependents, ABAWD), sitiyasyon ki enkli si orè travay mwen vin pi piti pase 80 èdtan pa mwa, sitiyasyon gwosès oswa adrès mwen dapre tout sa mwen konnen oswa kwè dapre kondisyon mwen rapòte yo.

EGZIJANS POU RAPÒTE/VERIFYE DEPANS POU KAY – Mwen rekonèt kay mwen dwe rapòte depans pou gadri ak depans pou sèvis piblik pou mwen ka jwenn dediksyon SNAP pou depans sa yo. Answit, mwen konprann ke fanmi mwen dwe rapòte epi verifye peman lwaye/prè ipotèk, enpo kay, asirans, depans medikal, ak sipò timoun ki peye ba yon moun ki pa nan kay la pou ka jwenn yon dediksyon SNAP pou depans sa yo. Mwen konprann ke si mwen pa rapòte/verifye depans ki endike anwo a, y'ap konsidere sa kòm yon deklarasyon fanmi mwen ki endike ke mwen/nou pa vle resevwa yon dediksyon pou depans ki pa rapòte/pa verifye sa yo. Yon dediksyon pou depans sa yo ka fè mwen kalifye pou SNAP, oswa li ka ogmante avantaj SNAP mwen yo. Mwen konprann ke mwen ka rapòte/verifye depans sa yo nenpòt kilè alavni. Apre sa yo pral aplike dediksyon sa nan kalkil SNAP nan mwa fiti yo an akò ak règ pou rapòte chanjman yo ak chanjman pwosedi yo.

Lè mwen aplike pou SNAP, Mwen konprann ke distrik sèvis sosyal la pral mande epi itilize enfòmasyon ki disponib atravè Sistèm Verifikasyon Elijibilite ak Revni an pou ka ankete sou aplikasyon mwen an, epi li ka verifye enfòmasyon sa tou atravè kontak kolateral yo si yo ta jwenn divèjans. Mwen konprann tou ke kalite enfòmasyon sa yo ka afekte elijibilite mwen pou SNAP ak/oswa kantite avantaj SNAP mwen resevwa.

PWOTOKÒL LWA SOU ENFÒMASYON PRIVE – KOLEKSYON AK ITILIZASYON NIMEWO SEKIRITE SOSYAL (SSN) – Yo otorize koleksyon SSN pou chak moun ki nan fwaye a an rapò ak konfòmite SNAP pou Lwa Nitrisyon ak Manje 2008 lan. Nou pral itilize enfòmasyon nou kolekte yo pou kapab detèmine si fanmi ou kalifye oswa kontinye kalifye pou resevwa asistans oswa avantaj yo. Nou pral verifye enfòmasyon sa yo gras a pwogram korespondans sou òdinatè yo. Enfòmasyon sa yo ap sèvi tou pou kontwòl si règleman pwogram nan respekte, epitou pou jesyon pwogram nan. Nou ka voye enfòmasyon sa yo ba lòt ajans Eta ak ba lòt ajans Federal pou verifikasyon ofisyèl, epitou ba otorite lapolis pou yo arete moun kap sove pou chape anba lalwa. Nou pral itilize enfòmasyon sa yo pou verifye idantite ou, epi pou verifye revni ke ou touche ak revni ou pa't touche.

Si gen yon demann ranbousman SNAP kont lakay ou, nou ka voye enfòmasyon ki nan aplikasyon sa, ansanm avèk tout SSN yo, bay ajans Federal ak Eta yo, ak tou bay ajans kap fè rekouvremant kreyans prive, pou yo ka fè rekouvremant. Tout moun ki aplike pou SNAP dwe bay yon SSN. SSN manm ki pa kalifye yo pral sèvi tou epi divilge nan mannyè ki endike anwo a. Si ou menm oswa yon moun ki aplike/resètifye pa gen yon SSN, ou menm oswa moun nan dwe aplike pou yon SSN nan yon Ajans Sekirite Sosyal (SSA.gov).

Anplis itilizasyon enfòmasyon ou ban nou yo nan fason sa, Eta a itilize tou enfòmasyon yo pou prepare estatistik sou tout moun k ap resevwa Asistans Enèji nan Kay. Eta a itilize enfòmasyon sa yo pou kontwòl kalite ke Eta ap fè pou asire ke distrik lokal yo ap fè pi bon travay posib. Yo itilize yo pou verifye kilès ki se founisè enèji ou an, epi pou fè kèk peman bay konpayi sa yo.

LI ENFÒMASYON KI ENPÒTAN YO ANBA LA A (*kontinye*)

KONDISYON SITWAYÈNTE/IMIGRASYON – Mwen sèman epi/oswa mwen konfime sou pèn sanksyon pou fo temwayaj ke enfòmasyon mwen bay sou sitiyasyon sitwayènte ak imigrasyon mwen konsènan mwen ak tout moun k ap viv avèk mwen se enfòmasyon ki vrè ak kòrèk. Mwen rekonèt yo ka tcheke nenpòt enfòmasyon mwen bay pou verifye sitiyasyon imigrasyon nenpòt moun ki aplike pou SNAP nan Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon Etazini.

Pou SNAP, ou dwe bay dokiman pou sitwayènte a **sèlman si nou gen dout ladan**.

REPREZANTAN OTORIZE – Ou kapab otorize yon moun ki konnen sikonstans kay ou pou **aplike** pou SNAP pou ou. Ou kapab otorize tou yon moun ki pa lakay ou jwenn yon kat EB pou reprezantan ou bay otorizasyon pou yo ka achte manje pou ou. Si ou ta renmen bay yon moun otorizasyon, ou dwe fè sa alekri. Ou ka fè sa depi ou ekri non moun nan, adrès li ak nimewo telefòn li anba la a an lèt detache. Lè yon Reprezantan yo bay Otorizasyon aplike nan non yon fanmi ki gen SNAP ki p'ap viv nan yon enstitisyon, **alafwa** Reprezantan yo bay Otorizasyon an ak yon manm granmoun responsab nan fanmi SNAP la dwe siyen ak date seksyon siyati yo ki anba paj sa a, sof si fanmi an te otreman chwazi alekri Reprezantan yo bay Otorizasyon an.

SI OU TA RENMEN OTORIZE YON MOUN, EKRI NON MOUN NAN, ADRÈS LI AK NIMEWO TELEFÒN LI AN LÈT DETACHE, EPI SIYEN ANBA LA A.

Non _____ Adrès _____ Telefòn _____

☐ Tcheke kare sa a si ou vle reprezantan otorize w la jwenn yon kat EBT pou achte manje pou ou.

SÈTIFIKASYON: Mwen te li epi mwen konprann avi ki pi wo yo. Mwen konprann epi dakò ak atribisyon, otorizasyon, ak konsantman yo ki mansyone anlè a. Mwen sèman epi/oswa mwen konfime enfòmasyon mwen bay yo oswa enfòmasyon mwen pral bay yo pou distri Sèvis Sosyal lokal la kòrèk. **Siyati ou obligatwa a anba la a pou fè pwosesis aplikasyon an.**

SIYATI MOUN KI APLIKE A (oswa Adilt ki Responsab nan Kay la)	DAT SIYATI A
X	
SIYATI REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON	DAT SIYATI A
X	

SI OU TE EDE RANPLI APLIKASYON / RE-SÈTIFIKASYON SA A POU YON LÒT MOUN, EKRI NON OU AK ADRÈS OU AN LÈT DETACHE LA A. OU KA EKRI NIMEWO TELEFÒN OU AN LÈT DETACHE TOU SI OU VLE.

Non _____ Adrès _____ Telefòn _____

Itilize espas sa a pou lòt enfòmasyon yo:

Ki moun: _____ Eksplikasyon:

Ki moun: _____ Eksplikasyon:

Ki moun: _____ Eksplikasyon:

12

MWEN BAY KONSANTMAN POU RETIRE APLIKASYON/RESÈTIFIKASYON MWEN AN. Mwen rekonèt mwen ka re-aplike nenpòt kilè.

SIYATI

13

DAT

Pou Ajans lan Itilize Sèlman

Moun ki Detèmine Kalifikasyon _____ Dat la _____

Siyati Moun ki Te Jwenn Enfòmasyon sou Kalifikasyon an: _____ Dat la _____

Rezon ____/____/____ ☐ Retrè ☐ Refi ☐ Resètif. Fèmti

Moun ki Apwouve Kalifikasyon _____ Dat _____

Peryòd Otorizasyon SNAP: Apati _____ Jiska _____

☐ ENTÈVYOU AN PÈSÒN ☐ ENTÈVYOU NAN TELEFÒN

Kòmantè:



NYS Agency-Based Voter Registration Form

"If you are not registered to vote where you live now, would you like to apply to register here today?"

- ☐ **YES** If you checked **YES**, please complete the **VOTER REGISTRATION APPLICATION** below
- ☐ **NO** because I choose not to register **OR**
- ☐ I am already registered at my current address **OR**
- ☐ I asked for and received a mail registration form

If you do not check any box, you will be considered to have decided not to register to vote at this time.

Signature

Date

Please Print Name

Important!

Applying to register or declining to register to vote will not affect the amount of assistance that you will be provided by this agency.

If you would like help filling out the voter registration application form, we will help you. The decision whether to seek or accept help is yours. You may fill out the application form in private.

Información en español: si le interesa obtener este formulario en español, llame al 1-800-367-8683

中文資料: 若您有興趣索取中文資料表格, 請電: 1-800-367-8683

한국어: 한국어 한국어 양식을 원하시면 1-800-367-8683
으로 전화 하십시오.

যদি আপনি এই ফর্মটি ইংরেজিতে পেতে চান তাহলে 1-800-367-8683
নম্বরে ফোন করুন

VOTER REGISTRATION APPLICATION (instructions on back)

☐ Yes, I need an application for an Absentee Ballot

Please print or type in blue or black ink

☐ Yes, I would like to be an Election Day worker

1	Are you a U.S. citizen? ☐ YES ☐ NO If you answered NO , do not complete this form		2	A) Will you be 18 years old on or before election day? ☐ YES ☐ NO B) Are you at least 16 years of age and understand that you must be 18 years of age on or before election day to vote, and that until you will be eighteen years of age at the time of such election your registration will be marked "pending" and you will be unable to cast a ballot in any election? ☐ YES ☐ NO If you answered NO to both of the prior questions, you cannot register to vote.		For Board Use Only				
	Last Name			First Name			Middle Initial	Suffix		
3	Address where you live (do not give P.O. box)						Apt. No.	City/Town/Village	Zip Code	County
4	Address where you get your mail (if different than above)						P.O. Box, Star Route, etc.	Post Office	Zip Code	
5	6	7	8	9			10			
Date of Birth		Gender (optional)	Telephone (optional)	Email (optional)			ID Number (Check the applicable box and provide your number) ☐ New York State DMV number — — — — — ☐ Last four digits of your Social Security number — — — — ☐ I do not have a New York State DMV or Social Security number			
11		12			13					
Political Party I wish to enroll in a political party ☐ Democratic party ☐ Republican party ☐ Conservative party ☐ Working Families party ☐ Other _____ I do not wish to enroll in any political party and wish to be an independent voter ☐ No party		Affidavit: I swear or affirm that - I am a citizen of the United States. - I will have lived in the county, city or village for at least 30 days before the election. - I will meet all requirements to register to vote in New York State. - This is my signature or mark on the line below. - The above information is true, I understand that if it is not true, I can be convicted and fined up to \$5,000 and/or jailed for up to four years.			Signature or Mark in ink _____ Date _____					

(Optional) Register to donate your organs and tissues

Last Name		
First Name	Middle Initial	Suffix
Address		
Apt Number	City/Town/Village	Zip Code
Birth Date	Gender	
	☐ M ☐ F	
Eye Color	Height	
	Ft. In.	
Email	DMV or ID NYC Number	

By signing below, you certify that you are:

- 16 years of age or older
- Consent to donate all of your organs and tissues for transplantation, research, or both;
- Authorizing the Board of Elections to provide your name and identifying information to NYS Donate Life Registry for enrollment;
- And authorizing the Registry to allow access to this information to federally regulated organ procurement organizations and NYS-licensed tissue and eye banks and others approved by the NYS Commissioner of Health hospitals upon your death.



Signature

Date

Qualifications for Registration

Important!

You Can Use This Form To:

- register to vote in New York State;
- change your name and/or address, if there is a change since you last voted;
- enroll in a political party or change your enrollment;
- pre-register to vote if you are 16 or 17 years of age.

To Register You Must:

- be a U.S. citizen;
- be 18 years old (you may pre-register at 16 or 17 but cannot vote until you are 18);
- be a resident of the County, or of the City of New York at least 30 days before an election;
- not be in prison for a felony conviction;
- not claim the right to vote elsewhere; and
- not found to be incompetent by a court.

If you believe that someone has interfered with your right to register or to decline to register to vote, your right to privacy in deciding whether to register or in applying to register to vote, or your right to choose your own political party or other political preference, you may file a complaint with:

NYS Board of Elections

40 North Pearl St, Suite 5

Albany, NY 12207-2729

Telephone: 1-800-469-6872;

TDD/TTY users contact the New York State Relay at 711;

or visit our web site - www.elections.ny.gov

Your decision to register will remain confidential and will be used only for voter registration purposes. Anyone not choosing to register to vote and/or information regarding the office to which the application was submitted will remain confidential, to be used only for voter registration purposes.

Verifying your identity

We will try to check your identity before Election Day, through the DMV number (driver's license number or non-driver ID number), or the last four digits of your social security number, which you will fill in Box 9.

If you do not have a DMV or Social Security number, you may use a valid photo ID, a current utility bill, bank statement, paycheck, government check or some other government document that shows your name and address. You may include a copy of one of those types of ID with this form.

If we are unable to verify your identity before Election Day, you will be asked for ID when you vote for the first time.

To complete this form:

It is a crime to procure a false registration or to furnish false information to the Board of Elections.

Box 9: You must make one selection. For questions refer to Verifying your identity above.

Box 10: If you have never voted before, write "None". If you can't remember when you last voted, put a question mark (?). If you voted before under a different name, put down that name. If not, write "Same".

Box 11: Check one box only. Political party enrollment is optional but that, in order to vote in a primary election of a political party, a voter must enroll in that political party, unless state party rules allow otherwise.